

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis data nu aya dina Bab IV, karangan nu dianalisis aya 37. Tina 37 karangan téh aya 28 judul, hal éta dilatarankeun aya sababaraha karangan nu judulna sarua. Judul nu sarua nyaéta “ Sapedah Abdi”, “Maen Bal”, “Rorompok”, “Sakola Abdi”, jeung “Ucing Sumpu”. Judul nu panglobana dipaké nyaéta “ Sapedah Abdi” dipaké ku 5 urang. Judul “Maen Bal” dipaké ku 3 urang. “Rorompok”, “Sakola Abdi”, jeung “Ucing Sumpu” masing-masing ku 2 urang judul séjénna mah ngan dipaké ku saurang-saurang.

Wangun karangan déskripsi murid kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016 geus saluyu jeung pamederih panalungtik nu ditepikeun dina tes nyaéta wangun karangan déskripsi. Hal éta nuduhkeun yén siswa kelas V SDN Régol 13 ditilik tina aspek pangaweruh geus weruh kana wangun karangan déskripsi, sarta ditilik tina aspek kaparigelan geus bisa nulis karangan déskripsi. Tina 37 karangan déskripsi aya 19 karangan nu tujuanana mangrupa karangan mangrupa karangan déskripsi sugéstif, jeung 18 karangan nu tujuanana mangrupa itulis karangan ékspositoris. Sakabéh karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 maké pamarekan réalistis.

Topik nu digambarkeun dina karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 ngeunaan tempat jeung jalma. Aya 6 karangan nu ngagambarkeun tempat, boh tempat nu aya hubunganana jeung kajadian, boh tempat nu taya hubungnana jeung kajadian, sarta 31 karangan nu ngagambarkeun jalma ngaliwatan widang milik, perasaan jeung tindakan. Sakabéh hal nu digambarkeun dina karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 saluyu jeung hakekat hirup alam barudak. Eusi karangan midangkeun carita-carita nu ngahudang fantasi barudak nu sifatna kreatif jeung kongkrit. Téma, jalan carita, sarta tokoh carita dipidangeun jeung ditembrakkeun dina kontéks alam kahirupan barudak.

Kamampuh nyieun karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 nu dievaluasi nurutkeun *ESL Compostion Profile* nuduhkeun yén tina lima kamampuh nulis nyaéta eusi karangan, organisasi karangan, kandaga kecap, tata basa, jeung tulisan euweuh hiji oge nu meunang kategori alus pisan. Nu meunang kategori alus ngan hiji nyaéta kandaga kecap. Nu meunang kategori sedeng aya opat nyaéta eusi karangan, organisasi karangan, tata basa, jeung tulisan. Sacara umum kamampuh siswa kelas V SDN Régol 13 dumasar évaluasi kamampuh nulis nurutkeun *ESL Compostion Profile* nu dimekarkeun ku Jacobs saparakanca aya dina kategori sedeng .

Keterbacaan karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 diuji maké formula fry jeung tés rumpang. Tina 10 karangan nu skorna pangluhurna diukur keterbacaanna maké formula fry. Hasil uji keterbacaan maké Formula Fry kapanggih aya masing-masing 1 karangan nu posisi keterbacaanana aya di kelas 2, kelas 5 jeung kelas 6, aya 3 karangan nu posisi keterbacaanana aya di kelas 3, sarta 4 karangan di kelas 4. Hal di luhur nuduheun yén karangan nu bisa dipaké di kelas lima aya 6 karangan nyaéta karangan nu posisis keterbacaanana aya di kelas 4, kelas 5 jeung di kelas 6. Satuluyna, genep karangan nu bisa dipaké di kelas 5 nurutkeun uji keterbacaan Formula Fry téh diuji deui maké tés rumpang. Hasil tés rumpang nuduhkeun yén tina tina genep karangan lima diantaranya bisa dipaké bahan ajar sabab keterbacaanana aya diantara 40% nepi ka 60 % .

Karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 Garut nu lobana 37 karangan sanggeus diajén maké evaluasi kamampuh nulis, sarta diuji keterbacaanana ku Formula Fry jeung tés rumpang, nu bisa dipaké model teks bacaan siswa di kelas V aya 5 karangan . Hal lain nu ngarojong éta karangan bisa dipaké jadi modél téks bacaan siswa teh nyéta , eusi karanganana nu saluyu jeung hakekat hirup alam barudak. Eusi dina lima karangan nu kapilih nyaritakeun barang (cocoan) milikna, tempat kahirupan, sarta kaulinan maranéhna sapopoé. Hartina éta lima karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 téh bisa dijadikeun modél téks bacaan siswa.

5.2 Saran

Saréngséna panalungtikan ngeunaan karangan déskripsi siswa kelas 5 SDN Régol 13 pikeun model téks bacaan aya sababarah saran, di antarana waé:

- a. Guru mere kasempetan ka siswa samemeh nyusun karangan déskripsi pikeun neuleuman heula naon nu rék digambarkeun dina karangan déskripsi, hal eta ku Tompkins (1987, kaca 1) disebut *pre writng*.
- b. Guru kudu ngaronjatkeun pangajaran ngeunaan nyusun karangan déskripsi maké rupa-rupa metodé jeung ngaoptimalkeun média pangajaran.
- c. Kabiasaan literasi bisa jadi cara pikeun leuwih ngaronjatkeun karesep jeung kamampuh siswa dina pangajaran basa Sunda hususna pangajaran maca jeung nulis ku jalan maké bacaan basa Sunda kaasup hasil karangan siswa. Hubungan maca jeung nulis kacida kuat. Bahan bacaan nu cocog lamun digunakeu kalawan kreatif, bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis. Siswa nu diwanohkeun kana rupa-rupa genre jeung gaya sastra nu hadé bakal bisa ngamalirkeun pangalamanana kana tulisan .
- d. Perluna gawé bareng nu hadé antara pihak sakola, kulawarga siswa sarta masarakat sabudeureun dina ngamumulé basa Sunda ku jalan méré conto maké basa Sunda sapopoé sarta méré fasilitas nu cukup pikeun pangajaran basa Sunda.